





Home Link - Haitian Creole



(Lyen ak Lakay) Inite 6: Bagay ki Grandi: Semèn 3

Chè Fanmi: Nan inite sa a ptit ou pral aprann sou bagay ki grandi. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk ptit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

AMIZE N!

Non timoun nan: _____

Dekouvèt

Preparasyon soup:

(Anrapò ak *Community Soup* ak *The Ugly Vegetables*)

Envite ptit ou an pou l prepare yon soup avè w swa pandan n ap suiv yon resèt fanmi prefere, oubyen pandan n ap itilize resèt suivan an:

Pumpkin Vegetable Soup

Engredyan yo:

- 1 tas sitwouy
- 1 patat
- 1 tas legim melanje (pwa, kawòt, mayi, seleri)
- 6 tas bouyon legim
- 1 pouz rasin jenjanm, kale e mens
- 1 bwa kanèl
- 2 bout lay, koupe
- $\frac{1}{4}$ ti kiyè nan chak engredyan suivan yo: pèsi, bazilik, ak poud piman (ou mèt kite piman an sou kote si w vle)
- $\frac{1}{2}$ lèt kabrit (ou kapab sèvi avèk lèt nòmal oubyen lèt kokoye)
- Sèl ak piman (yon ti pense)

Kale epi koupe sitwouy la, patat la, ak legim melanje yo. Mete yo tout nan yon gwo chodyè. Ajoute bouyon legim nan, rasin jenjanm nan, ak kanèl la. Bouyi yo ansanm epi bese dife a. Ajoute lay la, pèsil la, ak poud piman an. Kite melanj lan mijote pou 30 minit. Ajoute lèt, sèl, ak piman. Etènn dife a epi retire bwa kanèl la. Itilize yon mikse manyèl oswa yon blenndè nòmal pou blennde soup la. Sèvi soup la avèk piman ak pèsil koupe simen sou tèt li.

Alfabetizasyon

Chante Ansanm: Sa a se yon chante ptit ou an dwe abitye avè l.

Mary Had a Little Lamb

Mary had a little lamb
Little lamb, little lamb.
Mary had a little lamb
Its fleece was white as snow.
And everywhere that Mary went
Mary went, Mary went.
Everywhere that Mary went
The lamb was sure to go.

He followed her to school one day
School one day, school one day.
He followed her to school one day
Which was against the rules.
It made the children laugh and play
Laugh and play, laugh and play.
It made the children laugh and play
To see a lamb at school.

Li e Pale Ansanm (20 minit)

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Sou ki sa w panse liv sa a pral pale?
- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive apre?
- Ki pèsonaj ou pi renmen?

Langaj

Ekri yon resèt: (Anrapò ak *The Ugly Vegetables* ak *Community Soup*)

- Chèche kèk resèt nan yon liv oubyen sou entènèt: **best soup recipes for kids (meyè resèt soup pou timoun).**
- Envite pitit ou an pou l kreye yon resèt soup osinon yon lòt bagay li vle kuit.
- Ekri yon lis engredyan ansanm, ansanm avèk etap moun dwe suiv pou yo fè resèt nou an.
- Envite pitit ou an pou l fè yon ilistrasyon pou resèt la.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Poukisa w panse ou bezwen suiv yon resèt?
- Ki sa w panse ki ka rive si w pa suiv yon resèt?

Matematik

Fòm Pati Kò W: Envite pitit ou an pou l sèvi ak kèk pati diferan nan kò l pou l fòme kèk fòm, tankou dwèt li, men l, bra l, janm li, pye l, ak tout kò l.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Se ki jan ou kapab fè yon sèk avèk men w?
- Se ki jan ou kapab fòme yon triyang avèk bra w?
- Se ki jan nou kapab fòme yon kare si nou sèvi ak yon _____?
- Ki jan w fè konnen l se yon _____?
- Ki atribi yon _____?

Sonje:

- Yon triyang gen 3 bò dwat, ki konekte ansanm ak 3 ang oswa 3 kwen.
- Yon rektang genyen 4 bò dwat ki konekte ansanm, bò opoze yo egal epi li genyen 4 ang oswa 4 kwen.
- Yon kare se yon rektang espesyal ki genyen 4 bò dwat ki konekte ansanm ki tout gen menm longè ak 4 ang oswa 4 kwen.
- Yon sèk se yon liy ki koube kontinyèlman.

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak ptit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik lokal ou a epi jwenn kèk gwo liv sou bagay k ap grandi.

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Community Soup ekriven: Alma Fullerton

Lòt liv ou menm ak ptit ou an kapab jwi ansanm:

Growing Vegetable Soup ekriven: Louis Elhert
Market Day ekriven: Louis Elhert

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansam nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **jaden kominotè** se yon moso tè yon gwoup moun nan kominote a laboure.”
- Pandanke n ap li, poze ptit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Poukisa kominote a depann sou jaden an kòm yon sous manje?”